

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu judul skripsi téh nyaéta “Kumpulan Carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah (Ulikan Struktural jeung Ajén Moral)”. Aya sababaraha hal anu dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta 1) Struktur carita unggal carpon dumasar kana fakta carita saperti téma, latar, tokoh jeung panokohan, galur, jeung hubungan antar unsur carita, 2) Ajén moral dumasar kana ciri-ciri ajén moral nyaéta moral manusa ka Pangéran, moral manusa ka dirina, moral manusa ka papada jalma, moral manusa ka alam, moral manusa ka waktu, jeung moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah jeung batiniah.

Struktur carita dina kumpulan carpon *Wasiat Indung* ngawengku téma, galur, téhnik pengeplotan, latar, tokoh jeung panokohan.

Téma tina 11 judul carpon nu ditalungtik, miboga téma nu béda-béda. Téma anu digunakeum nyaéta sosial, pulitik jeung atikan. Réréana téma nu dipaké dina kumpulan carpon nyaéta téma sosial. Téma atikan anu nyangkaruk dina ieu carpon nyaéta “Kingkilaban jeung “Titin”. Téma pulitik aya dina “Sésa Riungan” jeung “Si Jalu”. Téma sosial nyangkaruk dina carpon nyaéta “Tangkal Darajat”, “Kompénsasi BBM”, “Laér Aisan”, “Tunggul Rahayu”, “Wasiat Indung”, “Béja Méméh Kawin”, jeung “Langit Haleungheum”.

Galur digunakeun dina ieu kumpulan carpon nyaéta galur maju, mundur, campuran, jeung mobok tengah. Carpon anu ngagunakeun galur maju nyaéta “Titin”. Carpon anu ngagunakeun galur mundur nyaéta “Sésa Riungan”. “Kompénsasi BBM”, jeung “Laér Aisan”. Carpon anu ngagunakeun galur campuran nyaéta “Tangkal Darajat”, “Tunggul Rahayu”, “Wasiat Indung”, “Langit Haleungheum”, jeung “Kingkilaban”. Carpon anu ngagunakeun galur mobok tengah nyaéta “Béja Méméh Kawin” jeung Si Jalu.

Tokoh jeung Panokohan dina ieu kumpulan carpon kapaluruh aya 79 tokoh, 11 salaku tokoh utama jeung 68 tokoh salaku tokoh tambahan, boh anu ngalalakon

boh anu kacaritakeun saliwat, sarta watek tokoh anu kagambar dina ieu kumpulan carpon katitén tina karakter eusi dina caritaanana.

Sanggeus dianalisis, latar anu kapanggih dina kumpulan carpon nyaéta latar tempat, latar waktu jeung latar sosial. Latar disaluyukeun jeung téma, ogé galur dina unggal caritana. Latar tempat general dina kumpulan carpon nu réréana aya di perkotaan jeung pilemburan, nu kapanggih dina carpon “Kompénsasi BBM, Tunggal Rahayu”, “Wasiat Indung”, “Béja Méméh Kawin, “Langit Haleungheum”, jeung “Titin”. Sedengkeun dina latar parsialna béda-béda. Latar waktu dina unggal kumpulan carpon nuduhkeun latar waktu anu tangtu (absolut), jeung latar waktu nu teu tangtu (parsial). Lian ti éta jeung latar waktu ogé dibédakeun jadi dua nyaéta latar waktu durasi jeung waktu titimangsa. Latar sosial dina ieu kumpulan carpon lolobana nuduhkeun kahirupan kaom sosial handap (cacah), kaom sosial luhur (ménak) jeung latar sosial kaom menengah (santana).

Dina ieu panalungtikan ogé dipedar ogé ngeunaan hubungan unggal antar unsur carita nyaéta (1) téma jeung galur, (2) téma jeung tokoh katut panokohan, (3) téma jeung latar, (4) galur jeung tokoh katut panokohan, galur jeung latar, sarta (6) tokoh jeung panokohan katut latar.

Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Tangkal Darajat” nyaéta ulah babari kagoda ku harta pakaya nu can tangtu, nu antukna karék hanjakal ku pamolah sorangan. Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Sésa Riungan” nyaéta kudu boga rasa tanggung jawab jeung boga pamadegan, ulah sok kabawa sakaba-kaba sarta ulah sailu-iluna lamun lain ilueunana. Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Kompénsasi BBM” nyaéta kudu silih hargaan jeung sasama, mun aya nu salah kudu silih élingan. Ulah teuing neureuy buleud omongan batur nu can tangtu, ulah miharep kana hal-hal anu can jadi kanyataanana, jeung kudu sabar. Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Laér Aisan” nyaéta kudu bisa ngajaga kana hal nu sipatna ngeleuleuwihi, pikiran saacan dipilampah, bisi matak hanjakal akibat pamolah sorangan. Kitu deui kudu narima kana naon anu geus jadi gurat takdir, jeung ngalakonan naon nu kudu dilakonan. Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Tunggal Rahayu” nyaéta kudu boga rasa rumasa ka nu jadi indung sarta ulah sagawayah dina nyieun kaputusan. Kudu dipikiran heula alus atawa goréngna éta kaputusan nepi ka asak. Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Wasiat Indung”

nyaéta urang jeung sasama manusa kudu silih lengkepan. Ieu carpon ogé ngandung amanat sangkan bisa nyumponan amanah nu can katedunan. Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Béja Méméh Kawin” nyaéta ulah sok ‘ngaliarkeun taleus ateul’, hartina kudu bisa ngajaga omongan nu can tangtu bener henteuna. Ulah asa aing loba harta pakaya jadi sangeunahna nguar-nguar omongan nu can tangtu ka batur. Kabéh hal nu geus karandapan teu salawasna bisa dibayar ku harta. Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Langit Haleungheum” nyaéta cara némbongkeun manusa nu tumamprak kana kadar, kudu bisa narima kana kaayaan nu geus karandapan. Percaya kana papastén Gusti yén bagja, lara, cilaka, jeung pati mah kembangna manusa hirup di dunya. Tong neundeun harepan jeung kayakinan di salah saurang jalma nu antukna bakal mawa sangsara. Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Kingkilaban” nyaéta kudu tanggung jawab jeung miduli kana kasusah batur. Ngadeudeulan jeung ngageuingkeun jiwa tur adeg-adeg jati diri jalma. Nu intina amanat dina ieu carpon nyaéta kudu silih élingan. Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Si Jalu” nyaéta kudu gedé haté dina nyanghareupan kaayaan nu keur dirandapan. Sanghareupan naon waé dodojana, ulah adigung. Amanat anu nyangkaruk dina carpon “Titin” nyaéta kudu boga rasa nyaah, béla jeung miduli ka sasama, utamana kana kasusah batur.

Ajén moral anu nyangkaruk dina buku kumpulan carpon *Wasiat Indung* karya Deni Hadiansah ditalungtik ku cara niténan sikep, paripolah, paguneman atawa kakecapan tokoh nu aya dina unggal carpon. Tina genep ajén moral, anu kapaluruh ngan aya lima ajén moral. Aya dua carpon anu nuduhkeun ajén moral manusa ka Pangéran (MP), dua carpon anu nyangkaruk ajén moral manusa ka dirina (MMD), opat carpon nu nuduhkeun ajén moral manusa ka papada jalama (MMPJ), hiji carpon anu ngandung ajén moral manusa ka waktu (MMW), hiji carpon anu ngandung ajén moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah jeung batinhiah. Intina tina 11 judul carpon anu aya dina kumpulan carpon *Wasiat Indung* lolobana kapaluruh ajén moral anu indikatorna moral manusa ka papada jalam (MMPJ).

5.2 Implikasi

Hiji panalungtikan tangtu teu leupas tina kaonjoyan jeung kahéngkérana. Sacara umum, ieu panalungtikan miboga kahéngkérana dina sababaraha aspék, tapi

tetep miharep yén kaonjoyan dina ieu panalungtikan bisa mawa kahadéan, utamana dina nambahan pangaweruh jeung kamekaran ranah analisis kasusastraan. Dumasar hasil panalungtikan, dipiharep bisa ngeuyeuban paélmuan ajén moral dina karya sastra utamana dina carpon Sunda.

5.3 Rékoméndasi

Sawatara saran atawa rékoméndasi ditujukeun pikeun pihak-pihak nu patali jeung ieu panalungtikan nyaéta: 1) pikeun panalungtik satuluyna, 2) pamaca, jeung 3) masarakat. Panalungtikan satuluyna dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan sangkan bisa jadi tapak lacak pikeun panalungtikan anu leuwih jembar. Pamaca jeung masarakat dipiharep bisa tuluy ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan pamahaman karya sastra saperti loba maca hasil kajian sastra. Salian ti éta, ajén moral dina ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun eunteung pikeun kahirupan sapopoé di lingkungan masarakat.